

Inyigisho Za Bibiliya
Integuro Guhindura Abigishwa - Igice 4
Bya Dennis Dickinson 2020

Inyigisho Minisiteri:
Abungere
Abavugabutu
Abamisiyonere
N'abifuza Kumenya Vyinshi!

Ikaze– Munteguro z'inyigisho z'ivugabutumwa, Igice 4 – Ishure rya Bibiliya. Igihe Elisa yaja kwigishwa na Eliya, yamwita data. Paulo yita Timoteyo umuhungu wiwe (2 Timoteyo 1). Kandi n'abiga ivyo kuvugishwa bitwa abahungu b'abavugishwa n'Imana. Ijambo umuhungu mu giheburayo risigura kwubaka. Bubatse ubuzima bwabo bashingiye kuvyeho bigishijwe. Samweli niwe yatanguje ishure ry'abavugishwa n'Imana (menya kandi ko ariwe yatanguje urukurikirane rw'abavugishwa bamukurikiye ivyahishuwe: 7). Igihe ishure ry'abiga ivyo kuvugishwa ryasa niryugawe mugihe c'ubwami bw'umwiza bwa Ahabu (Abami), Abafashanyigisho canke abigisha bahunganye n'abahungu (abigishwa) babo baja mumasenga. Eliya na Elisa barongeye barabagarura. Igihe inyubakwa bigiramwo yababana nto, Abigisha n'abigishwa baciye biyubakira inzu nini. Vyari ibintu bimenyerewe cane ko abigisha n'abigishwa babana. Sila, Timoteyo, Tito hamwen'abandi bamana na Paulo aho yaja hose. Abigishwa ba Yesu babanye munzu imwe na Yesu I kaperenawumu. Ahantu nkaho nawe niho winjiye! Ishengero ryose rifise umwigisha mwiza rishobora gukora ivyakozwe hambere. Mugihe uba mugace kabamwo

abantu 200, kakaba gafise ishengero ririmwo abantu 40 hamwe n'abagabo babiri bafise intumbero yo kwigisha ivugabutumwa, izi mfashanyigisho zokugirira ikimazi. Akarorero Aburahamu, Samweri, Eliya na Elisa, canke ryashure ry'abigira mwisenga mugihe c'ihamwa, ushobora kwigira kurivyo kandi ukigisha n'abandi.

Bikora Gute – Uburyo bwose bugenewe gukoreshwa: 1. Mu kirasi. 2. Guhanahana ivyiyumviro mumigwi. 3. Kwiyigisha mugihe atawukwereka ufise. Ariko Mumigwi niho umwe wese agira ico ashikirije, akenshi nivyeho vyiza kuruta uwusoma wenyene.

Umuvyeyi (Umuntu Avyiremetse)–N'umuntu ategereza kwitwararika ibintu. Umuntu umwe agenwa kugira bizere ko: 1. Igikorwa cakozwe neza kandi murutonde. 2. Igikorwa ca misi yose(mundwi) cahindutse inshingano z'umuntu. 3. Akabazo kagakorwa n'amanota impapuro zikabikwa. Ibikorwa birandikwa bikabikwa mugihe ivugabutumwa uko ririko riragenda hamwe n'imigenzo vyose bibandanya bikabikwa. Urupapuro ruriko izina ry'umwigishwa, hakandikwako: 1. Icirwa. 2. umwigisha (mugihe hari umwe). 3. Urugero yahawe ivyigwa bimwe yatoye canke ivyamunaniye gusa birikumwe n'ikigero co kwijana mugihe yakigezeke.

Umwanya Wo Kwiga N'uwo & Gutonda Mukirasi (Iminota 50)– Ibigwa cose gifise amasaha 6 buri yingira hamwe n'amasaha 3 yogukorana n'umwigisha canke gushikiriza ivyiyumviro mumirwi. Mugihe ata mwigisha canke gukorera mumirwi bibayeho amasaha yo kwiga aca aba 9. Icirwa cose gishobora gutwara amasaha 140. Amasaha atandatu yo kwiyigisha n'amasaha atatu yo gutonda mwishure. Igitabo nyamukuru co kwifashisha ni Bibiliya. Indongozi tuzisanga mubikoresho. Icitonderwa: mugihe umwungere ataronse inyigisho arashobora kwifashisha ibikoresho ashigikiwe n'abantu babiri canke batatu bo gushira umukono kuvyemezo vy'uko bize (canke impamyabushobozi mugihe igihugu kivyemeza. mugihe ari ishure ryisumbuye kandi mugakoresha ibi bikoresho, bingana , bingana n'indinganizo z'amasaha zitatu. Mugihe mukoresha uburyo bw'abanyamerika (indinganizo z'amasaha zitatu zingana n'amasaha

140 yokwiga). Kumwigishwa afise umwanya wose ivyigwa bitanu bikwiye hagati y'ayinga 13-15 (icigwa kimwe n'ivugabutumwa) riheza igice cambere c'ivyirwa. Ivyigwa 10 navyo biherana n'umwaka. Amatariki yo kwigirako agenwa bivanye n'imico n'imigenzo vy'igihugu. Bamwe bakurikiza ikirangamisi c'ishure ca reta. Ibuka ko utegerezwa kuba ufise ikigo co kwigishirizako.

Kubashira Mungiro Urutonde – Yesu yatanguranye kandi ahezanya n'abigishwa 12. Yohana Mariko yarananiwe no gutunganya ivyo yatanguye, kandi ivyo vyatumye murugendo rwa gatatu rwa Paulo atajana nawe, ariko hanyuma yaramuvuze ko yabaye umuntu w'ikimazi ko ashobora kwikorana. Abigisha bategerezwa gutorananya abazobasubirira muvuyo batanguye. Ibindi bintu bibiri: 1. Kuvyerekeye umwanya abigishwa bafata icigwa kimwe canke bibiri, ariko bakabandanya bakurikiza ikirangamisi. 2. Mugihe ufise abigishwa bigora gusoma neza, uca ufata urutonde ruzohurirana n'ikirangamisi c'amezi 12 mugishingo c'amezi 9. Igihe cose n'ukwama habaho ikiruhuko c'iyinga imbere yo gutangura ikindi gice.

Ku Bigishwa – isaha y'ivyigwa ingana n'iminota 50. Gira imyimenyerezo imwimwe mwico gihe nywa amazi menshi kugira ushobore kwiyumvira neza. Ushobora kuruhuka kumusi w'ivyigwa mugihe ubishatse. Amasaha 3 imbere n'ayandi 3 inyuma. Ibirasi bimwe bifata umwanya munini ibindi mutoya. Muri hamwe mushobora kwumvikana umwanya. Kora cane kandi ukore neza kuko uriko ukorera Umwami wawe! Amasaha ya minisiteri ashobora kurenza canke agahwana n'umurango, vyose bivana na minisiteri iyariyo. Gusukura, gutunganya ivyicar, kwigisha abana canke kwiga bibiliya, Gushinga intahe, gufasha imiryango, canke iyindi minisiteri yose yo mugisagara. Utegerezwa kuronka uruhusha ruvuye kuwujewe urutonde (bashoborara kugira ikindi bagutekerera). Ivyigwa bitwara hagati y'amayinga 12-15.

Ku Bigisha – Rimwe na rimwe bishobora kugora umwigishwa kumara ivyigwa mw'iyinga rimwe. Utegerezwa kwongereza igihe ariko kandi utegerezwa kugumizamwo akanovera.

Impamyabushobozi Y'umwaka Wa1 Munyigisho Za Bibiriya Igice Ca 1 (Amayinga 15)

Inyigisho z'ubuhinga z'isezerano rishasha igice ca mbere
Inyigisho z'ubuhinga z'isezerano rya kera igice ca mbere Inyigisho z'intanagamarara
Guhanura hamwe no kwigisha
Ivugabutumwa I (Amasa 6-9 mw'iyinga)

Igice Ca 2 (Amayinga 15)

Inyigisho z'ubuhinga z'isezerano rishasha igice ca mbere
Inyigisho zimbitse z'isezerano rya kera igice ca mbere
Inyifato n'umugambi ihoraho vy'Imana
Ubutumwa bwiza uko bwanditswe na Yohana, 1, 2, 3 Yohana
Ivugabutumwa 2 (Amasa 6-9 mw'iyinga)

Umwaka Wa Kabiri Ungana N'impamyabushobozi Ziri Hamwe Igice Ca 3 (Amayinga 15)

Luka (canke abandi)
Abaroma (canke abandi)
Abaheburayo na Filemoni
Abanyefeso, Abifilipi, Abakorosayi
Ivugabutumwa 3 (Amasa 6-9 mw'iyinga)

Igice Ca 4 (Amayinga 15)

Ivyakozwe n'intumwa
1, 2 Abikorinto
1 Timoteyo, 2 Timoteyo, Tito
Urufatiro rw'ivugabutumwa
Ivugabutumwa 4 (Amasa 6-9 mw'iyinga)

Icutegerezwa Gukora N'uko Wokwiga Icigwa Cose Co Mw'isezerano Rishasha: Bibiliya Nico Gisomwa Cawe

Buri cigwa cose uzokwiga ikigabane 1 canke 2. Usoma ikigabane kimwe incuro 5 (canke incuro 10 bishobotse) ugaca wishura ibibazo bikurikira: Ni nde? (umuntu 1 canke benshi, umugabo canke umugore), Iki? (icabaye), Ryari? (Kahise, kubu, kazoz), Hehe? Kuki? Gute? Tondeka ivyitonderwa canke ibibazo, ivyo wokora canke

utokora, navyo bikuvako. Urabe neza ko utahura buri jambo. hanyuma, Mu majambo yawe wandike ku rupapuro ico ikigabane cakwigishije. Sangiza bandi ivyo wize. (ibigabane bimwe bimwe ni birebire kandi bimwe muvuyo wategerzwa gukora bishobora kuba bigufi (mugihe vyemejwe) Mugihe umunyeshure adashoboye kubikorera kugihe.) Uca utanga ivyo washoboye kumara buri yinga

Ibyigwa Vyo Mwisezerano Rishasha

Matayo (ibigabane 2 buri yinga)
Mariko (ikigabane 1 buri yinga, ica 15-16)
Luka (ibigabane 2 buri yinga)
Yohana, 1, 2, 3 Yohana (ibigabane 2 buri yinga)
Ivyakozwe n'intumwa (ibigabane 2 buri yinga)
Abaroma (ikigabane 1 buri yinga, ica 15-16)
1, 2 Abikorinto (ibigabane 2 buri yinga)
Galatiya, 1, 2, Abitesalonika (ikigabane 1)
Abanyefeso, Abifilipi, Abakolosayi (ikigabane 1)
1 Timoteyo, 2 Timoteyo, Tito (ikigabane 1)
Abaheburayo, Filemoni (ikigabane 1 buri yinga)
Yakobo, 1, 2 Petero, Yuda (ikigabane 1 buri yinga)
Ivyahishuwe (ibigabane 2 buri yinga)

Ivugabutumwa Ryo Mw'iyinga

Ivugabutumwa 1, 2, 3, 4 (kubandanya) – Aha Amasa 6-9 mw'iyinga mugukora, Kwigisha, canke kuvuga ubutumwa.

Inyigisho Za Bibiliya Z'ubuhinga Z'isererano Rya Kera Na Rishasha

Ivyigwa vya bibiliya mu nyigisho z'ubuhinga, uzosoma mw'isezerano rishasha incuro 12 no murya kera incuro 6. Ibi bizogufasha kubona inzira muri bibiliya. Kwiga usoma kenshi vyamye vyifashishwa n'abigisha kuva na kera. Bandanya uja imbere kandi ntibikubuze gushikama kumirongo. Wewe gusa soma! Buri gisomwa cose gikwiye guherana n'umusi mukiringo c'imisi 6 mw'iyinga gishobora kandi guherana n'isaha n'inusu mugihe uzi gusoma neza; kubwivyo ntusome witonze. Buri ndwi uzoze urashirako kumukono ku rupapuro rwemeza ko wasomye. Amanota atangwa bivanye n'ivyo wahejeje

gusoma. *icitonderwa: kubadafise isezerano rya kera baca bakoresha ivyigwa bibiri.*

Inyigisho 1 Za Bibiliya Z'ubuhinga Z'isererano Rishasha

Iyinga 1, 2 Yohana 1-12
 Iyinga 3, 4 Yohana 13-21, 1, 2, 3 Yohana, 1 Petero
 Iyinga 5, 6 2 Petero, Galatiya, Yakobo, 1, 2 Tesalonika, Luka 1
 Iyinga 7, 8 Luka 2-11
 Iyinga 9, 10 Luka 12-24
 Iyinga 11, 12 Ivyakozw 1-14
 Iyinga 13, 14 Ivyakozw 15-28
 Iyinga 15 Mariko 1-13

Inyigisho 2 Za Bibiliya Zimbitse Z'isererano Rishasha

Iyinga 1 Mariko 1-13
 Iyinga 2, 3 Mariko 14-16, 1 korinto 1-16
 Iyinga 4, 5 2 korinto, 1, 2 Timoteyo, Tito
 Iyinga 6, 7 abaroma, Abanyefeso
 Iyinga 8, 9 Heburayo, abifilipi, Abakolosayi, Filemoni
 Iyinga 10, 11 Matayo 1-15
 Iyinga 12, 13 Matayo 16-28
 Iyinga 14, 15 Yuda, Ivyahishuye

Inyigisho 1 Za Bibiliya Z'ubuhinga Z'isererano Rya Kera

Iyinga 1 Itanguriro 1-29
 Iyinga 2 Yobu
 Iyinga 3 Itanguriro 30 - Kuvayo 4
 Iyinga 4 Kuvayo 5-29
 Iyinga 5 Kuvayo 30 - Abarewi 13
 Iyinga 6 Abarewi 14 - Guharura 6
 Iyinga 7 Guharura 7-26
 Iyinga 8 Guharura 27 –Gusubiramuvyagezwe 13
 Iyinga 9 Gusubiramuvyagezwe 14 - Yosua 7

Iyinga 10	Yosuwa 8 - Abacamanza 8
Iyinga 11	Abacamanza 9 - Rusi - 1 Samweri 8
Iyinga 12	I Samweri 9 - 2 Samweri 2
Iyinga 13	II Samweri 3 - 2 Samweri 24
Iyinga 14	Zaburi 1-70
Iyinga 15	Zaburi 71-126

Inyigisho 2 Za Bibiliya Z'ubuhinga Z'isererano Rya Kera

Iyinga 1	Zaburi 127-150, Imigani 1-24 Indirimbo za salomo
Iyinga 2	Imigani 25-31, Umusiguzi, 1 Abami 1-10
Iyinga 3	1 Abami 11 - 2 Abami 9
Iyinga 4	2 Abami 10 - 1 Ivyo kungoma 7
Iyinga 5	1 Ivyo kungoma 8 - 2 Ivyo kungoma 8
Iyinga 6	2 Ivyo kungoma 9-36
Iyinga 7	Obadiya, Yoweli, Yona, Hoseya Amose, Yesaya 1-12
Iyinga 8	Yesaya 13-46
Iyinga 9	Yesaya 47-66, Nahumu, Zefaniya, Yereimiya 1-9
Iyinga 10	Yereimiya 10-35
Iyinga 11	Yereimiya 36-52, Habakuki, Gucura intimba
Iyinga 12	Ezekiyeri 1-28
Iyinga 13	Ezekiyeri 29-48, Daniyeli 1-4
Iyinga 14	Daniyeri 5-12, Ezira, Hagayi, Esteri 1-6
Iyinga 15	Esteri 7-10, Zakariya Nehemiya, Malaki

Imigenzo N'insiguro Yayo

Tanga buri yingya urupapuro ruriko mumajambo make inde, iki, ryari, hehe, kuki, kuberiki na Gute. Uziga amajambo menshi kandi uziga uko ijambo rikioreshwa bijanye n'insiguro yayo.

Iyinga rya 1 None bibiliya iva he?

Fata kumutwe Abaroma 3:1-2, Zaburi 147:19-20, Abaheburayo 1:1-2.
Igice 1 – ivyanditswe vy'abayuda - Ishengero ryambere ryo ryemeza ko mugihe utifashishije ivyanditswe vy'intumwa 12 (ivyabona vya Yesu kandi bo mushinge w'ishengero) ntibizoba ari ivyanditswe vyera. Soma incuro zitatu Gusubiramuvyagezwe 18:15-22 (18 Azoba umuyuda), Nigute vyoba bishimitse mugihe yoba yarihenze kumurongo wa 20 na 22. Abavugishwa nibo bavuga ivy'Imana yabatumye. Ntihabe uwigenera ijambo canke Uwukeyeranya. Niyihenda, azoba ari umuvugishwa w'ibinyoma gushika apfuye. Soma abanyefeso 3:1-5 (Mukigiriki, "Intumwa nibo bavugishwa"). Avyakozw 1:8, 15-26 N'iki casabwe kugira basubirize Yuda mu ntumwa no muvyabona vy'ukuzuka no kwigisha ? na Yohana 15:27, 2 Peter 1:16, 1 abikorinto 9:1, 14:37-38 (Menya kandi ko intumwa zishobora kurongora ishengero). Hari hakenewe iki mu 2 Korinto 12:11-12? N'abavugishwa bangahe b'abayuda? **Igice 2** – Ivyanditswe vyahumetswe n'Imana – Imana niyo yahumetse ivyanditswe niko 2 Timoteyo 3:16 havuga. Soma Itanguriro 2:4-7. Habaye iki igihe Imana yahumekera mu muntu canke muvyanditswe? Soma incuro zibiri 1 Petero 1:16-21, Yohana 15:26-16:15 (icitonderwa 13), 1 Abikorinto 2:1-13. Umurongo 13 Mpwemu Yera yafashe ivyo yumvise, akoresha Ivyiyumviro n'amajambo y'abavugishwa, maze aratwigisha. Ishengero rya mbere ryakoresheje ivyanditswe vy'abavugishwa (intumwa nizo zari abavugishwa) nk'inkomoko y'ukuri. Soma abanyefeso 2:19-22 ntaco twokwongerako kuvy'intango.

Iyinga rya 2 Gutungana, kugororoka, Guca urubanza

Benshi Baritiranya agakiza (muri rusangi), N'ugusigurwa imbere y'umucamanza (nivyo ariko kandi sivyo, kwagirwa n'icaha canke kuba intungane). Imirongo yose ijanye no kwisigura mu kigiriki ari hano (umuzi risomwa mukigiriki: Dike). Bigusaba gusoma ijambo ryose kugira wumve ico bashatse kuvuga. Icitonderwa: 5, 5, 5 bisigura ko ari ijambo ryaje 3 mumurongo. Wandika uko wumva bisigurwa, hanyuma ugakuramwo insiguro nyayo. **Kugororoka, Gutungana:Matayo** 1:19, 3:15, 5:6, 10, 20, 45, 45, 6:33, 9:13, 10:41, 11:19, 12:37, 13:17, 43, 49, 20:4, 7, 13, 21:32, 23:28, 29, 35, 25:37 **Mariko** 2:17, 6:20 **Luka** 1:6, 6, 17, 75, 2:25, 5:32, 7:29,

35, 10:19, 29, 12:14, 57, 13:27, 14:14, 15:7, 16:8, 9, 10, 11, 15, 18:6, 9, 11, 14, 20:20, 23:41, 47, 50 **Yohana** 5:30, 7:18, 24, 16:8, 10, 17:25 **Ivyakozw** 1:18, 3:14, 4:19, 7:24, 26, 27, 27, 35, 52, 8:23, 10:22, 35, 13:10, 39, 39, 17:31, 18:14, 22:14, 24:15, 15, 20, 25, 25:10, 11, 15, 28:4 **Abaroma** 1:16, 17, 18, 18, 29, 32, 2:8, 13, 13, 26, 3:4, 5, 5, 5, 10, 20, 21, 22, 24, 25, 26, 26, 26, 28, 30, 4:2, 3, 5, 5, 6, 9, 11, 11, 13, 22, 25, 5:1, 7, 9, 16, 17, 18, 18, 19, 21, 6:1, 7, 9, 13, 13, 14, 16, 18, 19, 20, 7:12, 8:4, 10, 30, 30, 33, 9:1, 10, 28, 30, 30, 30, 31, 31, 10:3, 3, 3, 4, 5, 6, 10, 14:17, **1 Abikorinto** 1:30, 4:4, 6:7, 8, 11, 13:6, 15:34 **2 abakorinto** 3:9, 5:21, 6:7, 14, 7:2, 12, 12, 9:9, 10, 11:15, 12:13 **Galatiya** 2:16, 16, 16, 17, 21, 21, 3:6, 6, 8, 11, 11, 21, 21, 24, 4:12, 5:4, 5, 5 **Efeso** 4:24, 5:9, 6:1, 14 **Filipi** 1:7, 11,3:6, 9, 9, 4:8 **Korosayi** 3:25, 25, 4:1, **2 Tesalonika** 1:5, 6, 9, 2:10, 10, 12, **1 Timoteyo** 1:9, 3:16, 6:11, **2 Timoteyo** 2:19, 22, 3:16, 4:8, **Tito** 1:8, 2:12, 3:5, 7 **Filemoni** 18, **Heburayo** 1:9, 5:13, 6:10, 7:2, 8:12, 10:38, 11:4, 7, 33, 12:11, 23, **Yakobo** 1:20, 2:21, 23, 24, 25, 3:6, 18, 5:6, 16, **1 Petero** 2:23, 24, 3:12, 14, 18, 18, 4:18, **2 Petero** 1:1, 13, 2:5, 7, 8, 8, 9, 13, 15, 19, 21, 3:13, **1 John** 1:9, 9, 2:1, 29, 29, 3:7, 7, 10, 12, 5:17 **Yuda** 7, **Ivyahishuwe** 2:11, 6:6, 7:2, 3, 9:4, 10, 19, 11:5, 5, 15:3, 4, 16:5, 7, 18:1, 19:2, 8, 11, 22:11, 11, 11. Soma incuro 3 abaroma 3 hanyuma usigure kwisigura(Mubucamanza).

Iyinga rya 3 Gukizwa atari Gusigurwa

Fata kumutwe ivyakozw 4:12. Musi hariho buri murongo wose urimwo ijambo agakiza. Andika uburyo butandukanye bwasiyemwo ijambo agakiza hanyuma wandike indangurakintu yawe. Mukigiriki risomwa: Sodzo. **Igice 1** – Ni irihe zina ryahawe Mesiya kandi kubera iki, Matayo 1:21. Ibice bisigaye muri Matayo vyerekana ariko arakiza abantu. Si ukubasigura canke kubajana mw'ijuru! **Matayo** 1:21, 8:25, 9:21, 22, 22, 10:22, 14:30, 16:25, 18:11, 19:25, 24:13, 22, 27:40, 42, 27:40, 42, 49. **Mariko** 3:4, 5:23, 28, 34, 6:56, 8:35, 35, 10:26, 52, 13:13, 20, 15:30, 31, 16:16. **Luka** 1:47, 69, 71, 77, 2:11, 30, 3:6, 6:9, 7:50, 8:12, 36, 48, 50, 9:24, 24, 56, 13:23, 17:19, 33, 18:26, 42, 19:9, 10, 23:35, 37, 39. **yohana** 3:17, 4:22, 42, 5:34, 10:9, 11:12, 12:27, 47. **Ivyakozw** 2:21, 40, 47, 4:9, 12, 4:12, 5:31, 7:25, 11:14, 13:23, 26, 47, 14:9, 15:1, 11,

16:17, 30, 31, 27:20, 31, 34, 28:28. **Abaroma** 1:16, 5:9, 10, 8:24, 9:27, 10:1, 9, 10, 13, 11:11, 14, 26, 13:11. **1 Korinto** 1:18, 21, 3:15, 5:5, 7:16, 16, 9:22, 10:33, 15:2. **2 Korinto** 1:6, 6, 2:15, 6:2, 2, 7:10. **Efeso** 1:13, 2:5, 8, 5:23, 6:17. **Filipi** 1:19, 28, 2:12, 3:20. **1 Tesalonika** 2:16, 5:8, 9. **2 Tesalonika** 2:10, 13. **1 Timoteyo** 1:1, 15, 2:3, 4, 15, 4:10, 16. **2 Timoteyo** 1:9, 10, 2:10, 3:15, 4:18. **Tito** 1:3, 4, 2:10, 11, 13, 3:4, 5, 6. **Heburayo** 1:4, 2:3, 10, 5:7, 9, 6:9, 7:25, 9:28, 11:7. **Yakobo** 1:21, 2:14, 4:12, 5:15, 20. **1 Petero** 1:5, 9, 10, 3:21, 4:18. **2 Petero** 1:1, 11, 2:20, 3:2, 15, 18. **1 Yohana** 4:14. **Yuda** 3, 5, 23, 25. **Ivyahishuwe** 7:10, 12:10, 19:1, 21:24. **Part 2** – Ijambo rikurikira n'agakiza, rifatanye n'ijambo ryo kwiyumvira "gukiza kwiyumvira". **Mariko** 5:15, **Luka** 8:35. **Ivyakozw** 26:25, **Abaroma** 12:3, **2 Korinto** 5:13, **1 Timoteyo** 2:9, 15, 3:2. **2 Timoteyo** 1:7. **Tito** 1:8, 2:2, 4, 5, 6, 12. **1 Petero** 4:7. **Igice 3** – Andika indangurakintu wakuyemwo hanyuma ukuremwo agahigihigi muri ibi bisomwa. Soma 1 Timoteyo 2:8-15 hanyuma usigure umurongo wa 15. Sigura abifilipi 2:12. Umenyeye ko ubayeho kwubw'agakiza Atari kubwo kuvugirwa!

Iyinga rya 4 amahoro hamwe n'Imana

Fata kumutwe: Abakolosayi 2:9-10. Muvyanditswe amahoro hamwe n'Imana bihora bivugwa cane mugiheburayo: shalom. Bikunze gusigurwa: Riha, Uzura, ongereza akanovera, kora vyose, canke ukore ibintu neza. Itegereze neza uko ryasiguwe hanyuma utoremwo indangurakintu maze wumve kugira Amahoro hamwe n'Imana ico bisigura. Shira ijambo shalom muri buri murongo hanyuma uhore urivuga mugihe ugiye. Hari imirongo myinshi twatondetse soma maze ukuremwo indangurakintu yawe. **Itanguriro** 15:15, 29:6, 6, 37:4, 14, 14, 41:16, 43:27, 28, 44:4. **kuvayo** 18:7, 21:34, 26, 36, 36, 22:1, 3, 3, 4, 7, 11, 12, 14. **Abalewi** 6:5, 26:6. **Guharura** 25:12. **Gusubira mu vyagezwe** 7:10, 23:6, 21, 32:35. **Abacamanza** 11:13, 18:15. **Rusi** 2:12. **1 Samweri** 17:18, 22, 25:5, 6, 6, 30:21, **2 Samweri** 3:39, 18:29, 32, 20:9. **1 Abami** 2:5, 6:7, 7:51, 8:61, 11:4, 15:3, 14. **2 Abami** 4:7, 26, 26, 26, 26, 5:21, 22, 9:11, 17, 20:3. **Nehemiya** 6:15. **1 Ku ngoma** 12:38, 18:10, 28:9, 29:9, 19. **2 Ku ngoma** 5:1, 8:16. **Ezira** 5:16, 9:12 **Esteri** 2:11. **Yobu** 9:4. **Zaburi** 29:11, 31:23, 34:14, 50:14, 56:12, 61:8, 62:12, 66:13, 69:22, 73:3,

76:11, 91:8, 119:165. **Imigani** 6:31, 7:4, 11:1, 13:21, 16:7, 22:27, 25:22. **Umusiguzi** 5:4, 4. **Indirimbo** 8:10, **Yesaya** 9:6, 7, 19:21, 26:3, 12, 34:8, 42:19, 53:5, 54:10, 57:21, 60:20, 65:6. **Yeremiya** 13:19 (igice cose) 18:20, 28:9, 29:7, 7, 11, 51:24. **Yoweri** 2:25. **Mika** 3, **Nahumu** 1:15. Insiguro zirenga 80 ni "gutanga amahoro," Mw'ijambo gutanga amahoro, Si mugiheburayo. Ni iyihe ndangurakintu ukuyemwo? Ukoreshaje insiguro yawe sigura: Yohana 14:27, 16:33, Abaroma 5:1, 8:6, 14:17-19, 15:13, 33, Efeso 1:2, 2:14-17, 4:1-3, 6:15, Filipi 1:2, 4:6-9, Korosayi 1:2, 20, 3:15.

Iyinga rya 5 Ubutumwa bwiza n'iki?

Fata kumutwe 1 Korinto 15:22, Roma 5:12. None nigute abalewi batanze icacumi kuri Melekisedeki 7:1-10? Akayabu bavyara akayabu, abanyavyaha bavyara abanyavya. soma itanguriro 1-2, hanyuma igice 3 incuro zitanu. andika ingene icaha caje mw'isi. Soma incuro 5 Roma 5:6-21, sigura umurongo 12. soma 1 Korinto 15:20-28, Yeremiya 17:9, Roma 3:9-31, 6:23, 7:7-8:1. Soma incuro 2 1 Yohana hanyuma usigure uko Yohana yigishije ko muzi canke mutazi Imana.

Kubambanwa na Kristo canke kutabambanwa: Soma Luka 9:23, 14:27. Umuntu wese ategerezwa kwikorera umusalaba wiwe agakurikira Yesu bakabambanwa, canke baze babambwe batarikumwe na yesu (ibubamfu canke iburyo). Galatiya 2:20, 5:24, 6:14, Kolosayi 2:20-3:4. Hari imirongo yerekana ibi bimenyetso bikurikira: igitsibo c'amahwa c'umuvumo. "Aravumwe umuntu amanitswe kugiti" (Si mw'isi canke mw'ijuru, Ivyahishuwe 20:11). Ukuboko gufatwa nk'igikorwa. Ibirenge navyo vyerekana uko wageze canke uko wabayeho. Kubambwa kumuvumo kubera ivyo umuntu yakoze. imimyore (imishishagu) niyo ihindurwamwo indwara, vyerekana umubabaro. Umutima niryo riba ry'ivyaha vyose n'ububi bwose. Umwiza werekana ko yirukanwe n'Imana. Kwambara ubusa n'ugukorwa n'isoni. Umuriro wateguriwe satani n'abamalayika biwe.

Iyinga rya 6 Subiramwo ukoresheje impapuro zawe. Ushobora no kwiha utubazo.

Iyinga rya 7 Imisi ya yuma

Fata kumutwe imirongo 2 wihitiyemwo. Munki hariho imirongo yerekana imisi yanyuma. Shushanya ivyo ubona mugisomwa. Soma igitabo ca Daniyeli, Ubwami avuga ni: Babuloni, Ubuperesi, Ubugiriki, Uburoma. Igice ca 9 ni imyaka 70 n'indwi (iyinga ry'imyaka), canke imyaka 490. Imyaka Mesiya yari gupfirako yari yaravuzwe. Soma Matayo 24-25, Mariko 13, Luka 17, 21, 1 Tesalonika 5, 2 Tesalonika, 2 Timoteyo 3:1-9 (Murusengero), 2 Petero 3, Ivyahishuwe. Subiramwo usoma namba ufise akanya. Andika ibibazo vy'abigisha b'ibinyoma.

Indwi rya 8 Ubugingo = Ubuzima, Ivyifuzo

Fata kumutwe Ezekiyeri 18:4. Mugiheburayo gisomwa NEPHESE, Mu Kigiriki naho Psuche. Ubugingo n'ubuzima bw'umuntu, ivyo yizigira hamwe n'inzozi. Soma hama usubirize insiguro y'ijambo, ubugingo. Egeranya uburyo ijambo Ubugingo ryasiguwemwo muriyi mirongo maze nawe utange indangurakintu yawe. Itanguriro 1:20, 21, 34:3, 8, 35;18, Abalewi 5:1, 2, 4, 6:2, 17:11, 14 (udukoko ntugira amaraso n'ubugingo), Ubugingo bw'abapfuye kuri 19:28, 21:1, 11, 26:16, 30, Gusubira mu vyagezwe 12:23, 14:26, 26, 18:6, 19:21, 21:24 (Ku vyipfuzo vy'ubugingo vyawe), 1 Samweri 2:33, 35 (Ubwenge), 18:1, 20:17. 2 Samweri 3:21, 17:8. 1 Ingoma 28:9. Yobu 10:1, 1, 18:4, 32:2 (uko abayeho), 41:21 (impwemu), Zaburi 10:3, 13:2, 16:10, 27:12, 35:13, 41:2, 69:10, 77:2, 78:18, 88:3, 14, 105:18 (we = ubugingo), 106:15, 119:28. imigani 6:16 (wewe = ubugingo)8:36, 11:17, 12:10, 14:10 (coco = ubugingo), 23:2 (akayabagu), 7 (umutima), 28:25, 31:6 (umutima), indirimbo za salomo 1:7, 3:1, 2, 3, 4, Yesaya 1:14, 3:20 (agasandugu k'ubugingo - icotero), 53:10, Yeremiya 2:24 (umunezero w'ubugingo), 15:1 (ubwenge), 9, 31:25, 34:16, 51:14, Gucura intimba 3:51, 23:17, 18 (ubwenge), Mika 7:3. Habakuki 2:5. Matayo 6:25, 25, 10:28, 20:28, 22:37, 26:38. Mariko 3:4 8:35, 35, 36, 37, 14:34. Luka 1:46, 2:35, 9:56, 12:19, 22, 23, 14:26. Yohana 10:11, 15, 24 (twe = ubugingo bwacu), 25, 27, 13:37, 38. Ivyakozwe 2:41, 43, 3:23, 4:32, 14:2 (Ubwenge), 22, 15:24, 26, 20:10, 24. Roma 2:9, 13:1, 16:4. 2 Korinto 12:15 (wewe = Ubugingo). Efeso 6:6. Filipi 1:27, 2:30. Kolosayi 3:23. 1 Tesalonika 2:8, 5:23. Heburayo 4:12, 6:9 (ubugingo = ubwato umuntu agenderamwo), 10:38, 10:39, 12:3 (ubwenge),

13:17. 1 Petero 1:9, 22, 2:11, 25. 2 Petero 2:8, 14. Ivyahishuwe 6:9 (ubugingo buri mu maraso), 18:14. Wumva wosigura gute ijambo ubugingo: UBUGINGO? Yohana 15:13 N'iki umuntu aheba? Ikiri n'ubugingo n'ijambo ryerekana umuntu. Sigura aya majambo ukoresheje ikiri n'umubiri: soma incuro 5 1abakorinto 2:1-3:4. muri 2:14 "umuntu afise ubugingo" n'ingorane. Sigura igituma. 1 korinto 15:44, 44. Soma incuro 5 yakobo 3:13-18 hanyuma usigure 15 hamwe na Yuda 19 icumva = ikiri n'ubugingo.

Iyinga rya 9 Impwemu, Ubwenge, Ivyiyumviro

Ukoresha impwemu mukurimbura ivyanditswe, urahema, kugira inyifato, ushoborara gusigura ko ari ugutekereza, kuruhuka, canke kumoterwa. Uko usoma shira ijambo, IMPWEMU muri iyi mirongo riri muyandi amajambo urabe ko biberanye. Mugiheburayo risomwa: ruach, mu kigiriki naho: Pneuma. Itanguriro 1:2, 3:8, 6:3, 6:17, 7:22, 8:21 (kumoterwa n'impwemu iruhutse" ijambo rizwi cane mu giheburayo) 26:35, 27:27, 27, 27 (kumota, 27, 27), 41:8, 45:27. Kuvayo 5:21, 6:9, 15:8, 15:10, 29:18 ("impwemu yo kuruhuka" 25, 41). Guharura 14:24, 16:22, Yosua 2:11. Abacamanza 8:3, 16:9 (akamoto k'umuriro). 1 Samweli 1:15, 16:14, 15, 16, 23 (kwiyumvira ni kwiyuzuzwa impwemu), 30:12. 2 Samweli 22:11. 1 Abami 10:5, 18:45, 21:5, 22:23. 1 Ingoma 9:24. 2 Ingoma 21:16. Job 7:11, 10:12. Zaburi 18:11, 31:5, 32:2, 51:10, 17, 77:3, 6, 78:8, 104:4, 143:7. Imigani 11:13 ("amen impwemu"), 14:29 ("umwe wese afise akamoto kanini" kandi "kudakura mu mpwemu"), 15:4, 13, 16:2, 19, 32, 17:22 (kwiheba), 18:14, 14, 25:28. umusiguzi 7:8, 8, 9 ("uwukuze mumpwemu" kandi "muremure mumpwemu"), 8:8, 10:4, Yesaya 11:3, 19:3, 14, 25:4, 29:10, 24, 38:16, 41:29, 54:6 (uwihebuye), 58:11 (amazi n'impwemu). Yeremiya 13:24, 31:12 (amazi n'impwemu) 49:32, 36, 51:11. Gucura intimba 4:20. Ezekiyeri 3:14, 14 (gushuha mumpwemu = ishavu), 11:19, 13:3, 18:31. Daniyeli 4:8, 9, 5:11, 12, 14, 20, 7:15. Hoseya 5:4, 9:7 (umugabo w'impwemu), Mika 2:11. Matayo 5:3, 10:1, 20, 26:41. Mariko 2:8, 3:11, 8:12, 9:17, 14:38. Luka 1:47, 80 (ubwenge), 2:40, 4:33 ("impwemu y'akajagari"), 6:18, 7:21, 8:2, 29, 10:21, 23:46. Yohana 4:23, 24, 24, 6:63, 63, 11:33, 13:21. ACTS 6:10, 7:59, 11:28, 16:16, 17:16 (ubwenge), 18:5, 18:25, 19:21, 20:22 (ubwenge bwaduze).

Roma 1:4, 9, 2:29, 7:6, 8:6, 9, 8:15 (ivyiyumviro, 15), 16, 11:8, 12:11. 1 Abikorinto 2:11 (kwiyumvira kw'ubwenge), 12, 4:21, 5:3 (ivyiyumviro), 4, 5, 6:20, 7:34, 14:15, 15 (ijambo ry'ikiyuda rishaka kuvuga ikintu kimwe incuro zibiri), 16, 32 (ibuka mu migani umuntu adashobora kugumya canke gukoresha impemu yiwe n'umusazi), 15:45, 16:18. 2 Korinto 2:13 (gutakara muvyiyumviro), 3:6, 6 (Kwiyumvira), 4:13, 7:1 (ivyiyumviro). Galatiya 6:1, 18. Efeso 1:17-18 (ubwenge, ubumenyi, hamwe n'amaso yo gutahura (gukanurira mu bwenge, mu mpwemu), 4:23. Filipi 1:27, 3:3. Kolosayi 2:5. 2 Timoteyo 1:7. Heburayo 1:7, 14, 4:12, 12:23. Yakobo 2:26, 4:5. 1 Petero 3:4. 1 yohana 4:1, 2, 3, 6. Menya ko impwemu yawe ikorana n'ivyo wizigira, wiyumvira, utahura, ingeso, ibigumbagumba bikubonekeko mugihe abandi bariko barakwumviriza. Soma incuro zitanu 1 korinto 2:1-3:4 hanyuma ugereranye impwemu (ubwenge, impwemu, ivyiyumviro) hamwe n'uwufise ubugingo (umuntu kama, uw'ibigumbagumba, uwishira hagati na hagati) Umukristo. Sigura Efeso 1:15-21, 4:17-24 (witondere ubwenge n'impwemu biri kuri 17, 23). Sigura 2 korinto 2:12-17 (akamoto k'impwemu isezerano rya kera). Sigura akamoto k'ubugingo canke ak'urupfu.

Iyinga rya 10 Gutahura ivyagezwe

Fata kumutwe Roma 6:14-15. Soma igitabu c'abagalatiya, hanyuma incuro zitanu Galatiya 3:1-29 hamwe 4:21-31 hanyuma usigure ivyagezwe. Soma Roma 2:12-16, 3:1-31, 4:1-5 (Yahozeho imbere yuko ivyagezwe bibaho), ivyakozw 15:1-29 hanyuma wandike indunduro mu majambo yawe. Soma incuro 3 Heburayo 8, Korosayi 2:11-23 uce usigura. Woshobora kurya igitutu c'icamwa? None ni kuki ivyagezwe vyiswe igitutu? Soma ivyakozw 10:1-11:17, Petero yariko yigishwa muburyo bw'ikiyuda ibitutu n'ubwoko bwavyo. N'ikihe kimenyetso muri 10:11-16? Ivyaremwe vyerekana iki muri 11:18? Mu gitabo c'abalewi hariho amazina mugiheburayo y'ibikoko bizira n'insiguro. Inyoni zizira yari ighuna, iyindi kari agaca, ikindi cari igikona. N'abantu n'uko babafata kandi bakora bimwe. Ni nk'igitabo kigizwe n'amashusho c'abana. Andika inyigisho z'ivyagezwe ziri mw'isezerano rishasha. muri Matayo 5:17-18 Ijambo ,gushitsa, risigura iki? Yesu yoba yaciye inzira akoresheje amaraso y'imyagazi y'intama n'impene? Ivyo vyoba ari ivyagezwe!

Iyinga rya 11 Icubahiro (mugiheburayo: Kangi, Mukigiriki: Doxa)

Fata kumutwe: 1 Korinto 10:31, 2 korinto 1:20 (witondere indangurakintu ya Paulo). Ijambo risigura ijuru, canke uburemere kandi rigasigura: ubutunzi, Ikintu nyaco, ic' akamaro, buke. Tondeka uko gisigura, shira ijambo (ijuru), muri buri murongo wose muriyo twabahaye, maze uce utora indangurakintu yawe. Itanguriro 13:2, 18:20, 41:31, 43:1, 47:4 13. Kuvayo 4:10, 10, 5:9, 8:24, 9:7, 12:38, 14:4, 17, 18, 17:12, 19:16, 20:12, 34:19. Gusuira mu vyagezwe 28:58. Abacamanza 1:35, 13:17, 20:34, 1 Samweli 4:18, 5:6, 11, 6:6, 31:3. 2Samweli 6:20, 13:25. 1 Abami 12:10, 14. 1 Ingoma 10:3. Nehemiya 5:18, Yobu 6:3, 14:21, 23:2, 33:7. Zaburi 32:4, 38:4, 87:3, 149:8 (Abatunzi). Imigani 3:9, 8:24, 27:3. Yesaya 1:4, 6:10, 21:15, 24:20, 26:15, 29:13, 50:3, 59:1, 66:5. Ezekiyeri 27:25. Matayo 4:8, 6:13, 29, 16:27, 19:28, 24:30. Yohana 2:11, 5:41, 44, 44, 7:39, 8:54, 54, 12:16, 23, 28, 28, 16:14, 17:1, 1, 4, 5, 10, 21:9. 1 Korinto 11:7, 15:40-43. 2 Korinto 3:7, 7, 8, 9, 9, Efeso 1:6, 12, 14, 17, 18, 3:13. Filipi 3:19, 21. Kolosayi 1:11, 27, 27, 3:4. YUda 8. Soma incuro zibiri 1 Samweli 2:22-36. Icubahiro ku murongo 29 (Imana itegerezwa guhabwa ishikanwa rinini, kuri vyiza vyiza), ijambo icubahiro riza kabiri, "ivyo ngira agaciro turikumwe, navyo bigira agaciro turikumwe." Soma incuro zitatu 1 kor. 15:35-43 kuri 41 ikintu cose gifise icubahiro caco, canke ijambo ryerekana uburemere bwaco: abantu, inyoni, ibihe. Ijambo icubahiro risigurwa nk'ibinure, incuro 14, kuko nico gice c'ubuzima kiremereye. Kubwivyo mugutanga ishikanwa Imana ikeneye ikinuze, canke igifise agaciro. Soma incuro 1Korinto 10:23-11:1 ca usigura umurongo 31. (menya kandi ko inyama arico cubahiro c'imfungurwa). Soma incuro zitatu 2 korinto 3-4 hanyuma ushire itandukaniro hagati y'ivyo vyubahiro bibiri.

Iyinga rya 12 Satani n'abadayimoni

Fata kumutwe 1 Yohana 4:1. Izina, Satani, risigura gutera canke kurinda. Munsiguro yatanzwe bafatiye kugitsina gore araregana(umurezi), umunyarusaku canke uwurementanya. Izina Sekibi bisigura kuvugavuga canke kuvuga ibintu bibiri bitandukanye mumwanya umwe. muri 1 Timoteyo 3:8-13 menya 11 iryo jambo kurementanya ryavuye mukigiriki "she-devil." yohana 8:37-47,

witondere 44. 2 Korinto 11:3-4 (ububeshi buciye mubavuga ubutumwa), na 1 Timoteyo 3:11-14. Shimika umenye ubugunge bwa Satani mw'itanguriro 3. Inzoka mw'ijambo ry'ikigiriki, Nachash, Risigura umujumbu ukuyengejeko inzahabu, ariko kandi risigura uwongorera mumatwi (indyadya) tukumvamwo umunyarusaku. Mugihe akwongoreye mubwenge canke mumpwemu aba ariko arakubesha, nkuko Yesu yasize avuze. Akorera muvviyuviro agahindura ikibi kikamera nk'iciza 2 Kor 11:13-15. Job 1:1-2:10, 38:7 (rimwe narimwe bibiliya igereranya inyenyeri n'abamalayika, vyose, bisigura ko haba hataraza icaha), Mubalewi 41:1-34 n'isato (Abigishwa bamwe bemeza ko ari Satani). Ivyahishuwe 12:1-13:10, 17:1-18 (ubwami bwatwaje igitugu isirayeli: Egiputa, Babuloni, Peresi, Siriya, ubugiririki, Roma, Roma bisigura kuva mubapfuye). Ibice bibiri bivuga kumpwemu zibiri zivugana n'umuntu: Yesaya 14:1-21, Ezekiyeri 28:1-19. 1 Ingoma 21:1-30 ikibazo kiri mu Guharura 1, aho abaherezi baharura abantu bejejwe (ushobora kuja kurugamba) canke batejejwe (uzopfira murugamba rw'Uhoraho) Dawidi ntiyari umuherezi. Ibuka kandi ko Sauli yagerageje kwigira umuherezi! 1 Yohana 5:19 (Munsiguro irambuye "iryo jambo ryerekana ko ari itegeko rya satani," ayandi majambo yongeweko n'abasiguzi) Efeso 2:1-2 (duhema impwemu ziwe, ivyiyumviro n'ubwenge bwiwe) 3:8-11, 6:10-20. Yakobo 3:13-18. In 1 Yohana 2:12-14 nigute wokomera ukarwanya Satani? Tahura kuri 20 ab'Imana bose basizwe amavuta nayo kugira bamenye ukuri. Luka 4:1-13. Ivyahishuwe 20:1-10.

Iyinga rya 13 Gusubiramwo uko ukora akabazo. Akabazo kuwugashaka.

Guhanura Hamwe No Kuba Intumwa

Iki cirwa kirimwo ivyo muzogemda murahura murugendo rw'ivugabutumwa. **Igikorwa:** tanga urupapuro rumwe canke zibiri. uvuge kuri buri cigwa bibiliya ivugako. Izi nizo nyishu wishura: Ninde, iki, ryari, hehe, kuki na gute? Kuri buri cigwa cose.

Indwi rya 1
ubugingo

Koresha ivyanditswe kugira urokore

Fata kumutwe; 17:17, 2 Timoteyo 3:16-17 (Munsiguro irambuye "Imana yaduhumekeyemwo"nkuko yabikoze kuri Adamu), Matayo 22:29. Soma incuro 5 Yohana 8:31-47, 2 Peteor 1:10-21 ukurikize ivyo kwifashisha mugikorwa. Soma 1 Timoteyo 4 nimiburiburi 3 (umurongo wa 13 wowusomera mubantu). Agakiza, canke gukizwa, hano bisigura kwisubiramwo wese. Sigura ukuntu ivyanditswe vyera bikwiye kuvyo umu Kristo akeneye.

Iyinga rya 2 Gusangira ubutumwa bwiza

(igice 1) Fata kumutwe amabwirizwa 4 yambere. ibwirizwa 1. Imana ikwitayeho: Yohana 3:16. irya 2. Umuntu yaracumuye yitandukanya n'Imana: Abaroma 3:23. Irya 3. Umugambi Imana yari ifise n'ugutanga Yesu kubw'ivyaha vyawe : Yohana 14:6. Irya 4 Dutegerezwa kwatura ivyaha vyacu hanyuma tugahamagara Yesu kugira aduharire: Abaroma 10:9, Efeso 2:8.

(Igice 2) Fata kumutwe inzira z'abaroma. Abaroma 3:10, 3:23, 5:12, 6:23, 5:8, 10:9-10, 10:13.

(igice 3) Sangiza ubutumwa abantu 2.

Iyinga rya 3 Imana yaremye umugabo n'umugore

Fata kumutwe: Matayo 19:4-6, Itanguriro 2:24 (Umubiri n'ivyifuzo bivugwa kumwe mugiheburayo). Ukoreshe ivyo twifashisha mugikorwa, Soma wongere utegure inyigisho z'abubakanye. Soma incuro 5 Itanguriro 1:26-3:24, 5:1-2. Soma Matayo 19:10, Efeso 5:22-6:4, Korosayi 3:18-21, Tito 2:1-8, 1 Petero 2:21-3:12, 1 Timoteyo 3:1-5, Imigani 5, 31. Indirimbo za Solomo.

Iyinga rya 4 Kwabirana kwera, kwahukana & kurongora ubwakabiri

Fata kumutwe Imigani 6:32-33, Heburayo 13:4. Andika urupapuro 1 canke 2 indunduro yawe mugihe ufise umwanya, soma Imigani hama wandike imirongo ijanye n'icirwa. **Igice 1 Kwahukana** - Matayo 5:27-32, Matayo 19:1-12, Imigani 6:20-35, Malaki 2:13-16, Gusubura mu vyagezwe 6:1-9, 7:3-4, Yosua 23:12-13, Ezira 9:1-15, Nehemiya 13:23-27. **Igice 2 gusubiramwo kurongora** - Abaroma 7:1-3, 1 Timoteyo 5:3-16, soma incuro 3 1 Korinto 7. Icitonderwa:

"Mu Mana gusa," 2 Korinto 6:14-16. **Igice 3 ukwabirana kwera:** Abaheburayo 13:4, 1 Tesalonika 4:1-8, Proverbs 5, 1 Abikorinto 7:1-5 (umurongo 1 "korako," rikoresha mukwerekana umuco urubeya hanyuma ukuvuza umuziki). Ni iyihe nyishu kuvyo kwabirana kwera?

Iyinga rya 5 Abakristo hamwe n'amahera

Fata kumutwe: 2 Abami 4:7, Imigani 21:20. **Igice 1 Inyifato** – Soma nimiburiburi 5: Heburayo 13:5-6, Matayo 6:19-34, Filipi 4:4-20. Soma, Malaki 3:7-10 (niwo murongo wonyene uvuga kugerageza Imana). Soma incuro 3 Hagayi, Sigura ingorane wongere utore inyishu? Inyishu irarekurira indya munzu y'Imana? Kubera iki? **Igice 2 Umwungere arigurira** – Soma Nehemiya 13, 1 Korinto 9:1-18, 1 Timoteyo 5:1-18 (icubahiro gisigura kugura canke ikintu bikwiranya). Andika ivyo wasanzemwo. **Igice 3 Gutanga** - Luka 21:1-4, 2 Korinto 8:1-12, 9:6-7, 1 Timoteyo 6:17-19, 1 Korinto 16:1-2. **Igice 4 Kuziganya** - Imigani 3:15, 31:10 hanyuma kandi 21:20 amabuye y'agaciro n'ayahe? N'aya'agaciro kuko adakunze kuboneka, canke atamenyerewe. Ni ryari amavuta ba ay'agaciro? Sigura 21:20 ni he wisiga amavuta akagufata, Tanga umuco mw'itara, Muguteka. Soma 1 Timoteyo 5:8 (harimwo n'abapfakazi).

Iyinga 6 Ntufashe

Fata kumutwe: 2 Tesalonike 3:10, Imigani 30:15 (igice cambere). Yohana 12:8, Ninde yitaho abapfakazi 1 Timoteyo 5:8, 16. (Igice 1) Soma incuro 3 2 Abitesalonike 3:6-15. N'iki gisabwa? Umwe wese ategerezwa gukora kugira afungure. Bareke basukure ingoro, canke n'ahandi hose, imbere yokugira ico ubahaye (Igice 2) N'umugambi mwiza Imana yategurira abatishoboye muguhumba ingano muba Lewi 19:9-10, 23:22. N'akaryo keza ko guha abatishoboye ko kwifasha. Soma igitabo ca Rusi incuro 2. Ni gute Bowazi yabigenje (yari Umutunzi) yafasha abapfakazi babiri? Yoba yabaha amahera n'ivyokurya ku buntu? Yaretse umupfakazi umwe arahumba ingano kugira babeho bompi. (Igice 3) soma incuro 3, 1 Timoteyo 5 hanyuma usigure uruhara rw'ishengero mugufasha abapfakazi kandi kuber'iki? Urutonde rw'abapfakazi womenga rwoba urw'abahoze ari abagore b'ababakoreye Imana mugihe bari bakiri kw'isi. Ab'abungere bobaye abahembwa, mugihe ishengero ryobikora ukwo, ntiboba

ababaye intungane kubantu bose. Soma Nehemiya 13 Abakozi b'Imana ni bande? Kubera iki? Sigura Imigani 13:25, 19:15, 22:13, 23:2.

Iyinga rya 7 Umuzi wo kuraka

Fata kumutwe: Abaheburayo 12:15-16. Kubera iki kuraka bavyise umuzi? Soma 1 Yohana 3:10-15, Yuda 5-11. Sigura ukuntu kwiheba, Ishavu no kuraka vya Kayini 4:1-24 (hasome incuro 2), Heburayo 11:4. Sigura umujnya wa Esau 12:12-17, Itanguriro 25:27-34, 27:1-28:9. kuraka n'ishavu n'ikibazo kuri twese. Efeso 4:31-32, Galatiya 5:15, Abalewi 19:16-17, Imigani 10: 12, 18, 12:16, 14:16-17, 29, 15:1, 18, 17:9, 19:11, 22:24-25, 25:28, 26:24-26, 29:22, 30:33, Galatiya 5:19-25, Efeso 4:26, Abakolosayi 3:8, Yakobo 1:19-20, 1 Petero 4:8. Inyishu kukuraka n'ugushira uwo muntu canke iyo ngorane kumutwe w'ibisengerwa!

Iyinga rya 8 Kwihana no kubabarira

Fata kumutwe 1 Yohana 1:9. soma 2 Samweli 11:1-12:25 menya neza ko hari hagira hahere amezi 9 imbere yuko Dawidi yihana. Soma incuro 5 Zaburi 32 na Zaburi 51 (Hasizwe amaraso kugishimanyango kuri Pasika). Ukwo niko Dawidi yihanye murivyo bihe. Sigura ubu nararibonye bwa Dawidi mubusambanyi, mu kwica, no mugusiribanganya ibimenyetso. Ibuka ko ata shikanwa ryo murusengero ryahariwe ubusambanyi canke kwica. Soma kandi Zaburi 86:4-7, 103:8-12, Yesaya 55:6-7, Matayo 11:28-30. N'igiki wokora mugihe udashobora gusubiza muburyo ivyo wakoze bibi? N'iki Dawidi yari gukora kugira ntarwe mu caha?

Indwi rya 9 Indero y'ishengero

Soma incuro 2 Matayo 18, hama usome Matayo 18:15-20 izindi ncuro. Niki umurungo 20 uvugako muraka gace? Andika intambuko 5 zo kurwanya icaha. Sigura Luka 17:1-4. Urusyo n'ibuye ryakwegwa n'ingamiya, bihuriye he? Soma incuro 5 1Abikorinto 4:14-5:13 na 2Abikorinto 2:3-11, 13:1-10 Hanyuma ukoreshe ivyo twifashisha mugikorwa. Abigisha ku caha: Soma incuro 5 1Timoteyo 1:18-20 hamwe 5:19-25 hanyuma wishure kuvyo kubibazo twifashisha mukwiga. Abavugabutumwa boba bashobora guhunga icaha? Ni

kubera iki Imana Yabanje guhura na Mose mukuvayo 4:24-26 (Icaha c'isezerano co gukebwa). Raba kandi Abagalatiya 1:6-10. Tora aho Paulo yaburiye Abakorinto 2:3-11, 13:1-6. Soma Filemo incuro zitatu. Nigute Paulo yagarukanye umugurano yacumuye? Ibi bintu vyama bikomeye imisi yose kandi sivyo kwirengagiza. Abarongozi badashoboye kubikora ntibabereye uburongozi. Uronse ubutumwa buvuye kumurongozi bukubwira umuyobozi w'ishengero yafashwe asambana kandi akaba yanse kubiheba. Mwandikire ikete ritangurwa na, "ngibi ivyo Yesu na bibiliya bategetse ko ukora."

Iyinga rya 10 gusenga ibigirwamana no kwifuza

Fata kumutwe: Yakobo 1:12-15. Soma Yakobo 1:1-25, hanyuma usome 1:12-18 nibura incuro 5 (yakoresheje amajambo yo guhiga no kuroba). Ni izihe ntambuko z'icaha yavuze. Hari uwokwagiriza Imana? Ni iyihe nyishu ku murungo 21, 22. Soma incuro 5 1 Korinto 10:1-14. Ni gute umurungo wa 13 uvuga ibihe? N'iki kimenyerewe cane n'imfungurwa, gusambana canke kwidodomba? Paulo yavyise ngw'iki ku murungo 14? Ivyaha vyose ni nko gusenga ibigirwamana. 6, 11. Amazi hamwe no gusenga ibigirwamana: Soma Yerehiya 2:1-13. Bari bifuzwa amazi? Banyoteza ikigirwamana cabo kibitaho. Umurungo wa 13 urabisigura. Amazi n'ikigereranyo c'ukwifuza. Bisigura iki mugiheburayo kubeshwaho n'amazi mw'itanguriro 26:19. Ayo mazi yarafise irihe soko? Ivyahishuwe 22:1, 17, 21:6 Nta kuganza bisigura nta mazi. N'iki Yesu yatanze kugira akize inyota y'abantu: Yohana 7:37-39. umurungo 38 mumajambo yose ni "cane cane inyota y'imbere." Iri jambo munda nigute ryakoreshejwe mub'Ifilipi 3:17-19, Abaroma 16:17-18. Amazi yawe ninkayo mana yawe wibaza ko izogukiza inyota y'ubugingo.inyota yawe n'iyiki?

Iyinga rya 11 Kubabazwa hamwe no gupfa

Fata kumutwe: Yohana 16:33, Filipi 1:29 iri jambo niryo ryatanze ijambo Ubuntu mukigiriki). **Igice 1 kubabazwa** – Soma ivyakozwa 14:22. Soma abaroma 7 na 8 incuro 5. Andika imibabaro hanyuma usigure iyinyishu utanze. Gira ico uvuze kuvayo 4:10-12, Job 29:15, vuga kuvy'ukuza kwa Yesu muri Yesaya 35. Soma Yohana 9, Yesu n'umuco kumpumyi (5), Imbere yuko impumyi ihura na Yesu vyari vyavuzwe kumurungo 37 yari yamaze kubona Yesu, naho yari

impumyi. Umurongo 39 abantu bari bafise amaso meza nibo bari nk'impumyi, ariko impumyi yo yarashobora kumubona. **Igice 2 Urupfu** – soma incuro 5 1Korinto 15, 1 Tesalonika 4:13-18. Soma incuro 2Korinto 4-5 hama usigure n'uko umu Kristo atahura urupfu; Abaroma 12:15, Yohana 11:25.

Iyinga rya 12 kwiganyira no kwizera

Fata ku mutwe: Zaburi 37:8, Matayo 6:24-25

Soma Matayo 5-7, hanyuma usome incuro 5 6:1-15, 19-34. Aho amasengesho yose ashobora kuba aya? Ni iyihe ngorane yo kwiganyira (kuri 25). Soma abifilipi hama uceSZ wandika amategeko yose ahari soma incuro 3 4:4-9. Ni iyihe nyishu yo kwiganyira? Soma incuro 3 4:10-20 hanyuma wandike ico Paulo yarafise kwiga. Soma igitabu c'umusiguzi hanyuma wandike vyose ivyo salomo yagerageje gukora kugira yimare ibisharara vyo kwifuzza kw'umubiri, hanyuma wandike indunduro yiwe. (12:13 nkuko bivugwa mu 1 Korinto 7:19).

Iyinga rya 13 Isano riri hagati y'abatarubaka

Fata mu mutwe: Imigani 30:18-19. Indirimbo ya Salomo, Imigani n'Umusiguzi yandikiwe urwaruka. Ibi bitabo bisaba kubisoma ukiri muto, imbere yo gutangura akazi canke kurongora. **Igice ca 1 Kurongorwa** - Andika umurongo ngenderwako mu 1 Abakorinto 7: 1 (Gukorako bikoresheya mu gucana amatara, no kuvuza umudiho. Ashaka kuvuga iki?), 36 (amaze kumera Amashurwe), 39, 1 Abatesalonike 4:1-8, akoresha ijamba ryo kugirana amasezerano hanyuma akuramwo umurongo wa 6). Ibi birashobora kuba inyandiko canke amajamba gusa. **Igice ca 2 Kwinezereza:** Urwaruka rukunda umuziki (Gucura intimba 5:14). Soma Indirimbo ya Salomo hanyuma wandike uburyo bitondeye, canke barinze, mubucuti bwabo. Muri 8:8-10 asigura abakobwa bamwe nkimiryango yuguye abandi badafise imiryango. Umugambi w'abavyeyi ni uwuhe? "Ntukangure urukundo rwanje," hamwe n'ibitabo, firime, urwenya, canke ikindi kintu cose. Ibigumbagumba birashobora kuba vyiza canke ingorane. Soma 2 Samweli 13, sigura ibigumbagumba vy'umusore. Yari afise urukundo ki? Muri Bibiliya abatunzi barongora abakene, abirabura bakabirana n'abazungu, ariko igihe cose "Mu Mana Ubukwe bwinshi buba hakiri kare inyuma y'amasezerano.

Wizera ko kurindira bishobora guteza ingorane? Sigura. Gucura intimba 3:27 (iciyumviro).

Iyinga rya 14 Imigani y'umunyabwenge

Soma uciye mu gitabo c'Imigani hanyuma ukore urutonde rw'ivyo ruvuga: 1. Incuti, 2. Abakobwa, 3. Amafaranga, 4. Ubudandaji, 5. Abavyeyi, 6. Imana.

Inyifato N'imigambi y'Imana

Tanga impapuro buri yingya ubaza n'in'inyishu Ninde? Niki? Ryari? Nihe? Kuki? kandi Nigute? kuri buri cigwa. Ivyo uzi ku Mana muri buri cigwa kandi ishura ikibazo icarico cose muvyigwa.

Iyinga rya 1 Fata mu mutwe 1 Yohana 5:21, Yesaya 29:24

Ikigirwamana ni icyumviro icari co cose kitari ukuri ku Mana y'ukuri ari yo Rurema. Soma Abaroma 1: 18-28 nimiburiburi incuro 5. Imana iha abantu incuro zirenga 3 mumubiri, ubugingo, impwemu. Sigura ibi ukoresheje imirongo. Ni iki abantu bose bazi? Soma Ivyakozwe 17:16-34 incuro 5 wandika. Andika ibintu Bibiliya ivuga ko Imana irimwo: 1Yohana 1:5, 4: 8, Yohana 4:24, Abaheburayo 12:29, 1 Timoteyo 1:17, Malaki 3: 6, Yobu 31, Ivyahishuwe 15: 4.

Iyinga rya 2 Fata mu mutwe Abaroma 11:36, 1 Abakorinto 10:31, Abanyefeso 1:11, Yesaya 6:3. **Icubahiro** - Icubahiro bisigura uburemere, raba 2 Abakorinto 4:17. Irerekana ahanini uko ikintu cose kimeze. Irasigura ibinure (1 Samweli 4:18), biremereye (bifise akamaro kubintu vyose-Itanguriro 13:2), birakomeye. Hariho ijamba **liver** "icubahiro" risobanura "guseruka canke kwiyumvira," bisigura icemezo c'ivyo umuntu yiyumvira ko ari igice gikomeye, canke icubahiro, mubintu vyose. Icubahiro ni "igitigu" nkigihimba kiremereye c'imbere mu bimazi. Soma 1 Abakorinto 15:39-41 incuro zitanu hanyuma wandike. Irindi zina ku Mana ni icubahiro (Kuva 33:22). Afise uburemere, akandi arakomeye. Soma kandi utange insiguro kubw'icubahiro muri: Zaburi 19, 104, Yesaya 6, Kuvayo 14:4, 17. Soma Kuvayo 9:16, 14:4, 33:18-34:8 hanyuma usigure uburyo Imana yahishuye icubahiro cayo. Tanga insiguro kuri Zaburi 96:8,

66: 2, 72:19, Matayo 19:28, Luka 17:18. Sigura Yosua 7:19. Soma Abanyefeso 1: 3-14, 2:7 incuro 5 hanyuma usigure gahunda y'Imana ihoraho. Sigura VYOSE kumurongo wa 11. Tanga insiguro kuri Zaburi 33:11, Imigani 19:21, Zaburi 119:89-91, Yesaya 14:24, 46:10, Daniyeli 4:35. Yategetse umugambi wiwe uhoraho? Sigura. Sigura 1 Petero 1:20-21, n'Ivyakozwe 2:23. Sigura Yesaya 6: 3 udakoresheje ijambo icubahiro. Imana yaremye vyose kugirango icubahiro cayo kigaragare. Nta caha ushobora kubona ishavu ry'Imana? Ubutungane? Ikigongwe? Kwihangana? Kubabarira? Gutsinda icaha n'urupfu? Sigura.

Iyinga rya 3 Fata mu mutwe 2 Abakorinto 4:18, Zaburi 145:3, 139:6, Malaki 3:6. **Iteka** (olam) - Muvyanditswe vyera iminsi yose ijambo "ntiriboneka." Muvyukuri ikoresha n'umugore (olama) utwikiriye kuburyo udashobora kubona igihimba ciwe. Insiguro zitagura iherezo canke umupaka. Imana ifise urukundo rutagira akagero, ubutungane, imbabazi, ivyiza, ubwenge, ubumenyi, inkomezi, ubuntu, gutungana, kubaho, impwemu. Ntiwigere ugabanuka canke vyinshi. Ni izihe ntambanyi zasiguwe mu: Abanyefeso 1:19, 2:7, 3:8, 19-20, Abaroma 11:33, Zaburi 147:5, Yesaya 40:25, Zaburi 145: 3, Abaheburayo 4:13. Sigura impamvu Imana izohoraho ibihe vyose. Ni bangahe b'Imana bahari ahantu hose? Sigura ubwinshi bwubwenge, ubumenyi, inkomezi, ubutungane, gutungana hamwe na We ahantu hose? Soma muri Malaki 3:6 hanyuma usigure impinduka zoba kuri buri kimwe muri ibi bikurikira: ubwenge, inkomezi, kuboneka, ukwera, kumenya, ubuzima, vyuzuye. Impamvu ataco abuze, ntaco akeneye. Sigura Abaroma 1:23, Abaheburayo 1:12, 6:17, Zaburi 102: 26-27. Andika ivyo Imana idashobora gukora muri Tito 1: 2, 2 Timoteyo 2:13 no muri 1Timoteyo 6:16, Abaroma 11:29, 1 Samweli 15:29. Sigura impamvu Imana ibaho, yikwije, yuzuye kandi itunganye, muri yo ubwayo. Izina ryayo (ingeso) ni ibihe vyose, Habakuki avuga ko intambwe zihoraho ari We.

Iyinga rya 4 Fata mu mutwe Ivyahishuwe 15:4, Abaheburayo 12:14, Ivyakozwe 20:28. Igice ca 1 Kwera - Soma muri Yesaya 6: 1-3, kuki batavuze: **imbabazi**, imbabazi, imbabazi? Urukundo,

